**Баслаўыш билимлендириўде ана тили пәнин оқытыўды жетилистириўдиң әҳмийетли мәселелери**

**Г.Қосаева - Әжинияз атындағы НМПИ Тәлим ҳәм тәрбия теориясы ҳәм методикасы қәнигелигиниң 1-курс магистранты**

Ҳәзирги ўақытта улыўма орта билим беретуғын мектеплерде ана тили пәнин оқытыўды жетилистириў, раўажландырыў – бул мектеп билимлендириўи тараўындағы әҳмийетли мәселелердиң бири. Себеби оқыўшы ана тилин үйрениў арқалы сол пәнге, ата-анасының да шаңарақта усы тилде пикирлесиўин миллет атының да, мәмлекетимиз атының да қарақалпақ тили деп аталыўын шын мәнисинде сезинеди. Ана тилин терең теориялық ҳәм әмелий жақтан үйретиў ең дәслеп оны раўажландырыўдың илимий методикалық тәреплери менен байланыслы. Ана тилин оқытыўда оқыўшылардың аўызеки тил байлығын раўажландырыў китап оқыў оқығанын көрген ҳәм еситкенин сөйлеп бериў арқалы жүргизиледи. Демек, оқыўшының бир қатар көнликпелерди тутасы менен ийелеўи бул билим алыўдың үзликсизлик принципи менен де байланыслы. Бул ҳаққында Р.Жўраев Кадрларды таярлаўдың миллий бағдарламасы 1-басқышы ҳаққындағы билдирген ой – пикирлеринде улыўма билимлендириў саласында төмендегилерге итибар қаратыў зүрүрлигин айтқан еди: «Оқыў бағдарламалары ҳәм оқыў әдебиятларының мазмунына қойылатуғын тийкарғы талаплар үзликсиз билимлендириўдиң пүтинлигин, сыпатлы билим, көнликпе ҳәм тәжирийбелерди пайда етиўди, еркин пикирлеўди, билимлендириўдиң демократияласыўы ҳәм инсан сүйиўшиликти тәмийинлеў, халқымыздың тарийхый мийрасы, дәстүрлери ҳәм мәдениятына таянған миллий сиясат принциплерин есапқа алыўдан ибарат.» [1.49]

Бул мақаламызда баслаўыш класслар (3-класс ушын) «Ана тили» пәнинен сабақлық китабы [2] ҳәм онда шынығыўлар, текстлер, қағыйдалардың қалай берилгенлигине азы - кем анализ жасаймыз. Сабақлық авторлар жәмәәти тәрепинен орынланған, жаңа бағдарламаға сәйкес

исленген, Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен тастыйықланған. Онда 22 реңли сүўрет берилген, ал параграфлар саны - 38. Баслаўыш класс, яғный 3-класста оқыйтуғын оқыўшы егер 6 жастан оқыўға барса, 8 жаста бул китап пенен танысады, 7 жаста оқыўға барса, 9 жасар пайытында танысыў мүмкиншилигине ийе болады. Бул сабақлықтың грамматика, имла ҳәм тил өсириў мәселелерине арналғанлығы, китаптың муқабасынан соңғы бетте жазылған. Сүўретлердиң азлығы, әлбетте, оқыўшылардың бул пәнге қызығыўшылығын кемитпейди. Деген менен, сүўретлер менен көбирек безелиўи оқыўшылардың бул пәнге қызығыўшығын және де арттырады. Екиншиден, сабақлықта бир қатар сөзлер рус тили ҳәм рус тили арқалы басқа тиллерден кирген сөзлер, яғный өзлестирмелер, мысалы, манеж [2.7], форточка [2.11], уршық [2.12, гөнерген сөз], бажыхана [2.25], валюта [2.26], бифштекс [2.26], винт [2.27]. Әсиресе, 26-бетте в ҳәм ф ҳәриплерине, мысал ушын буннан да басқа бир қатар сөзлер алынған. Ал, рус классларындағы рус тили сабақлықларын яки тил үйрениў ушын англичан тилиниң баслаўыш классларға арналған қәлеген сабақлығын анализлеп қарағанымызда оларда бир қатар терминлерге түсиндирме бериледи. Бул тәрепинен қарағанымызда, баслаўыш класслардағы ана тили сабақлықларын еле де әмелий жақтан көрип шығыў ҳәм жетилистирип барыў зәрүр. Деген менен, сабақлықтың жетискенлик тәреплериниң бири онда сөз ойынларының, кестелердиң, кроссвордлардың түрлише усылда берилиўи оқыўшының усы сабаққа болған қызығыўшылығын арттырады.

Сабақлықта азы-кем стильлик кемшиликлер де ушырасады. [2.65] Мысалы, 157-шынығыўдың шәрти бойынша: егинлердиң ҳәм өсимликлердиң атларын көширип жазың. Айырым сөзлердиң дара турып көплик мәни аңлататуғынын билип алың, -деп берилген. Шынығыўда төмендегише:

1. жүўери, салы, тары, гүнжи, мәкке, лобия, мәш;

2. жантақ, шеңгел, қамыс, әдираспан, қарабарақ мысаллары берилген. Булл шынығыўдың шәрти оқыўшыларға анық болыўы ушын дәнли егинлер ҳәм дүз өсимликлери, тағы басқа түринде берилгенде мақул болар еди.

Себеби егин сөзи өсимлик сөзи менен мәнилес. Ал, 156-шынығыўда капуста, помидор, пияз, гешир сөзлерин қатнастырып, ҳәр қайсысына тийисли гәп қураң делинген. Тийкарынан, бул усы шынығыўдың екинши тапсырмасы болыўы керек еди ҳәм шәрти: капуста, помидор, пияз, гешир сөзлерин ҳәр бирин айырым гәп ишинде келтирип жазың яки усы палыз егинлериниң сүўретлери берилип, сол сүўретке мәнисине қарай гәп дүзиң, түринде берилгенде стильлик дурыс болар еди. Бул шынығыўда палыз егинлери – палыз өнимлери түринде надурыс қолланған.

Жуўмақлап айтканда, 3-класс ушын «Ана тили» сабақлығы, оны оқытыўды жетилистириў ушын бир қатар усынысларымызды беремиз:

1. Баслаўыш класcларда «Ана тили» пәнин оқытыў ушын сабақлыққа қосымша түрде ҳәр бир темаға арналған сабақ исленбелери ислеп шығылыўы, олар өз алдына бир комплекс –қолланба түринде баспада жәрияланса;

2. Баслаўыш класcларда оқытылатуғын «Ана тили» сабақлықлары методикалық, иллюстративлик жақтан еле де безетилиўи;

3. Баслаўыш класслар ушын «Ана тили» сабақлықларын дүзгенде оны методикалық жақтан және де байытыў ушын шет еллерде, қоңсылас ҒМДА мәмлекетлеринде окытылыў тәжирийбелерин де үйрениў, унамлы, пайдалы тәреплерин басшылыққа алыў;

4. Баслаўыш класслар сабақлықларында тил байлығын, имланы еле де жетилистириў ушын электрон сабақлықлардың, ең кем дегенде интерактив усылларда берилген сабақ исленбелери – бул бүгинги билимлендириў, улыўма педагогика, методика илимлериниң алдындағы машқалалардан бири саналады.

**Әдебиятлар**

1.Жўраев Р. Орзулар руёби. –Тошкент, 2001, 49-бет.

2. Дәўенов Е., Усманова Ж., Абдижаббарова Ҳ. Ана тили (3-класс ушын сабақлық). -Нөкис, Қарақалпақстан, 2016.